



Saranpyon (Varisèl)

Kisa ki saranpyon?

Saranpyon (ki rele tou varisèl) se yon maladi ki atrapan anpil ki koze pa viris varisèl zostè.

Ki sentòm saranpyon an genyen?

Sentòm yo jeneralman parèt 10 a 21 jou apre w fin ekspoze a viris la. Premye sentòm yo gen ladan aparisyon toudenkou yon ti fyèv leje, ou santi w fatige, ak fèb. Yon gratèl avèk anpoul ap parèt premyèman sou tèt la, apres a nan lestomak, nan pwatrin oswa nan do, epi finalman nan bra ak pye. Ti anpoul yo parèt an ti gwoup (ki refere tankou rekòt) pandan plizyè jou. Anpoul yo pral seche avèk kwout sou yo epi yo fòme gal. Jeneralman genyen plis anpoul nan pwatrin ak nan do pase nan figi, bra ak pye.

Kijan saranpyon pwopaje?

Saranpyon pwopaje de youn moun a yon lòt nan kontak dirèk avèk anpoul yo oswa nan lè a kote yon moun ki enfekte touse oswa estène. Moun ki gen saranpyon kapab simaye maladi a 2 jou anvan sentòm yo kòmanse jiskaske tout anpoul kouvri avèk kal oswa fòme kwout (jeneralman apre 5 jou). Toutfwa, moun ki gen sistèm iminitè fèb yo kontajye pou pi lontan. Daprè règleman Massachusetts, moun ki gen saranpyon dwe rete lakay yo pa ale lekòl oswa travay jiskaske tout anpoul yo fin seche epi yo gen kwout sou yo.

Èske saranpyon danjere?

Konplikasyon grav yo ra, men saranpyon ka bay enfeksyon po ki grav, sikatris, nemoni, ak domaj nan sèvo. Konplikasyon grav yo jeneralman pi komen lakay ti bebe, fanm ansent, moun ki gen sistèm iminitè fèb, ak granmoun. Lakay yon moun ki te genyen saranpyon viris la ka vin aktif apre plizyè ane e li vin koze yon gratèl ki gen doulè ki rele zona (gade Paj 3).

Kimoun ki ka atrape saranpyon?

- Nenpòt moun ki poko genyen saranpyon oswa ki pat pran vaksen kont saranpyon ka malad. Li pi komen pami timoun ki gen mwens pase 15 ane.
- Ti bebe ki gen mwens pase 12 mwa twò pitit pou yo pran vaksen epi yo a risk.

Kijan pou prevni saranpyon?

- Pi bon pwoteksyon kont saranpyon se pou pran vaksen.
 - Pwoteje timoun ou yo lè w fè yo pran vaksen lè yo genyen 12-15 mwa. Yo ta dwe pran yon dezyèm dòz vaksen nan laj 4-6 ane. Si pitit ou a te manke yon vaksen, mande doktè w pou l ratrape. Nenpòt moun ki gen laj 7 ane oswa pi gran ki poko genyen saranpyon e ki pa pran vaksen ta dwe tou resevwa 2 dòz: moun ki gen laj 7 ane jiska 12 zan ta dwe resevwa 2 dòz, 3 mwa entèval e moun ki gen laj 13 ane oswa pi gran ta dwe resevwa 2 dòz, nan entèval 4 semèn. Nenpòt moun ki pat gen saranpyon e ki te resevwa sèlman 1 dòz vaksen ta dwe pran yon dezyèm dòz.

Kontinye (paj 1 nan 3)

- Vaksinasyon espesyalman enpòtan pou fi ki prevwa pou fè timoun (omwen yon mwa anvan yo vin ansent oswa apre akouchman), travayè swen sante yo, ak moun yo kap viv avèk yon lòt moun ki gen yon sistèm iminite fèb.
- Pran vaksen anvan nenpòt ekspozisyon a saranpyon ofri pi bon pwoteksyon; toutfw si w pran vaksen nan lespas twa a senk jou apre yon ekspozisyon ka bay tou kèk pwoteksyon.
- Kèk moun ki pa t pran vaksen e ki pat genyen saranpyon (tankou tibebe, fanm ansent, ak moun ki gen sistèm iminite fèb) ta dwe wè founisè swen sante yo touswit si yo ekspoze a yon lòt moun ki gen saranpyon pou yo pran tretman (yon grenn oswa piki) ki kapab bay sèten pwoteksyon akoutèm si yo pran l touswit apre ekspozisyon an.

Règleman Massachusetts egzije prè vaksinasyon pou varisèl pou ka ale lekòl enkl kolèj. Lòt gwoup yo, patikilyèman travayè sante yo, ta dwe vaksinen tou pou varisèl.

Prèf iminite gen ladan:

- Dokiman alekri dat mizajou vaksen pou varisèl dapre egzijans vaksinasyon lekòl Massachusetts yo.
 - Massachusetts pou kounye a ap pwogrese nan egzijans pou vaksen varisèl. Pifò elèv yo nan jaden danfan pou rive nan kolèj egzije pou pran 2 dòz vaksen pou varisèl oswa prè iminite. Sèten elèv, sa ki gen ladan elèv nan gadri ak lekòl matènèl yo egzije pou pran yon dòz sèlman oswa lòt prè iminite. Pou egzijans vaksinasyon aktyèl lekòl Massachusetts yo, vizite, www.Mass.gov epi chache “immunization requirements”.
- Fèt Etazini anvan 1980 (sa pa konsidere tankou prè iminite pou founisè swen sante yo oswa fanm ansent)
- Dokiman alekri de yon tès san konfime iminite
- Dokiman alekri de yon dyagnostik saranpyon pa yon founisè swen sante
- Dokiman alekri sou istwa zona (Herpes zoster) pa yon founisè swen sante

Èske yon fanm ansent ta dwe enkyete konsènan saranpyon?

Fanm ansent ki te deja genyen maladi saranpyon oswa te pran vaksen kont saranpyon ta dwe gen iminite. Fi yo ki gen saranpyon pandan yo ansent gen plis chans pase lòt adilt yo pou devlope konplikasyon grav. Nan kèk ka, saranpyon an ka transmèt a tibebe a. Fanm ansent ki potko gen saranpyon e ki ekspoze a yon lòt moun ki gen saranpyon ta dwe wè doktè yo touswit.

Èske w kapab gen saranpyon plis ke yonsèl fwa?

Wi, men li ra anpil. Maladi saranpyon jeneralman tradwi pa yon iminite pou lavi e pifò moun pap genyen l ankò. Toutfw, viris ki koze saranpyon an rete nan kò w pou tout rès vi ou. Plizyè ane apre li kapab ba w yon gratèl ki fè mal ki rele zona (gade paj 3).

Èske vaksen kont varisèl san danje?

Wi, li san danje pou pifò moun. Toutfwa, yon vaksen, tankou nenpòt medikaman, anmezi pou koze pwoblèm tankou lafyèv, gratèl modere, doulè tanporè nan kote ou pran vaksen an ak reyaksyon alèjik. Pwoblèm ki pi grav yo ra anpil. Apeprè 70–90% nan moun ki pran vaksen yo pwoteje kont saranpyon. Si moun ki pran vaksen yo gen saranpyon, li jeneralman trè modere.

Kimoun ki pa ta dwe pran vaksen kont varisèl?

- Moun ki fè alèji grav a jelatin oswa medikaman neyomisin pa ta dwe pran vaksen kont varisèl.
- Moun ki gen reyaksyon negatif grav a yon premye dòz vaksen varisèl pa ta dwe pran vaksen an ankò.
- Fanm ansent yo pa ta dwe pran vaksen kont varisèl jiskaske yo akouche.
- Moun ki gen kansè, VIH, oswa lòt pwoblèm ki afibli sistèm iminitè yo ta dwe verifye avèk doktè yo oswa enfimiyè anvan yo pran vaksen an.
- Moun ki pa twò lontan de sa te gen yon transfizyon san oswa yo te pran pwodui san ta dwe mande doktè yo kilè yo kapab pran vaksen kont saranpyon kòm pwodui sa yo ta kapab redwi tanporèman efikasite vaksen an.
- Moun ki gen maladi grav oswa modere pa ta dwe vaksinen jiskaske lafyèv oswa lòt sentòm yo fini.

Kisa ki zona?

Zona (ki rele tou herpes zoster) se yon gratèl po ki gen doulè ki koze pa viris varisèl zòster (menm viris ki bay saranpyon an). Apre yon moun fin refè nan saranpyon an, viris la rete nan kò a. Jeneralman viris la pa koze okenn pwoblèm; toutfwa, li kapab vin aktif ankò aprè kèk ane, e vin tounen zona. Kontak dirèk avèk gratèl zona kapab koze saranpyon lakay yon moun ki pa t gen saranpyon anvan oswa ki pat pran vaksen adekwa. Yon vaksen pou zona disponib pou granmoun ki gen laj 60 ane oswa plis.

